

Dr M. PRIJOGOETOMO

mintaraga cantaran



BALAI PUSTAKA - DJAKARTA

MINTARAGA GANTJARAN

ingkang anggantjaraken

Dr. M. PRIJOHOETOMO

Tjap-tjapan ingkang kaping kalih

BALAI PUSTAKA — DJAKARTA — 1953

Rinengga ing gambar ringgit

Reginipun Rp. 5,60



B. P. No. 1280

WEWENANGIPUN INGKANG NGARANG
KAAJOMAN MITURUT ANGGER-ANGGER

B E B U K A

Anggèn kula ngadani nganggit gantjaring tjarijos Mintaraga punika, kabekta saking adrenging manah kula kepéngin mewahi kaṭahipun serat waosan gantjaran basa Djawi.

Milanipun mendet tjarijos Mintaraga, awit tjarijos punika sampun kina-makina dipun remeni sanget dateng bangsa Djawi, wiwit rerumpakan sekar ageng basa Djawi kina ingkang kawastanan serat Ardjunawiwaha, dumuginipun rerumpakan sekar matjapat basa Djawi énggal ingkang anama serat Mintaraga.

Déné tijang Djawi anggènipun sami remen dateng tjarijos Mintaraga punika, awit punika tjarijos ingkang sakelangkung nengsema-ken, saha isi piwulang warni-warni. Pramila tjarijos Mintaraga punika adakan sanget kadamel ular-ularing rembag ngudi dateng kasusilan saha kasampurnan, minangka pepiritaning agesang. Sinten ingkang marsudi nglimbang lebeting isinipun, mestì boten bađé ketjuwan ing manah.

Kaṭah buku seratan tangan ingkang isi tjarijos Djawi tilaranipun para leluhur punika. Déné ingkang kula anggé antjer-antjer nganggit serat gantjaran punika tigang warni, inggih punika :

- I. Serat Ardjunawiwaha, ingkang sampun kawedalaken dateng Dr. Purbatjaraka (1926).
- II. Serat Wiwaha djarwa, ingkang sampun kawedalaken dateng tuwan Palmer van den Broek (1868).
- III. Serat Mintaraga, ingkang sampun kawedalaken dateng tuwan J.F.C. Gericke (1844), ladjeng kawedalaken malih dateng Balai Pustaka (1932).

Wondéné panganggit kula mawi kula kirangi utawi kula wewahi tetembunganipun, murih prajoginipun dados serat gantjaran.

Utrecht, Juli 1937.

Dr. PRIJOHOETOMO

1. BATARA ÉNDRA BADÉ MINTASRAJA DATENG SANG PARTA

Katjarijos prabu Niwatakawatja ingkang akadaton ing nagari Imantaka wonten ing sukunipun redi Sumèru ingkang sisih kidul, sampun kawentar kadigdajanipun. Dasar radja denawa gumendung saha kumalungkung, rumaos boten wonten ingkang saged nandingi ing djaja-kawidjajanipun. Tindakipun adigang-adigung, remen andon perang anenelukaken para ratu ing sakiwa-tengenipun. Singa boten púrun nungkul sangkaning aris, ladjeng ginitik ing perang, kadjarah-rajah radja-darbékipun, tuwin kabojong saisining kada-tonipun.

Pramila para ratu sami kekes, manahipun sami miris, wulunipun sami pating pengkirig, manawi mireng namanipun ratu denawa Niwatakawatja. Sawenèh sami bangga saha anglawan ing djurit, temahan kasoran ngantos tumpes sawadyabalnipun. Sawenèh ngempakaken sawarnining kadjuligan, badé njirnakaken ratu ditya ingkang sakelangkung angkara murka wau, nanging sadaja sami kawon déning prabawanipun prabu Niwatakawatja.

Pinten-pinten kaṭahing nagari ingkang sampun kadamel karang abang, tuwin maèwu-èwu kaṭahipun ratu ingkang sampun katelukaken, éwa samanten manahipun sang ditya dèrèng marem. Ingkang kaèpi-èpi rinten-dalu sageda nelukaken sakaṭahing para déwa, mila ing mangké tata-tata abikut badé nginggahi Kaéndran, sumeda anggempur Suralaja.

Prabu Niwatakawatja anggènipun banda kedugi badé ngrangsang Suralaja punika, saking déning sampun rumaos winongwong ing déwa ingkang linuhung, ingugung ing sakarsanipun. Lan malih sang ditya sampun angsal wewangsitipun déwa ingkang linangkung, boten wonten déwa, ditya, raseksa tuwin denawa ingkang njamèni kasektènipun.

Sareng para déwa mireng, jèn ing Suralaja badé kainggahan ing mengsa, ladjeng sami gègèr busekan, umung swantenipun. Sadaja sami adjrih, djalaran rumaos boten saged nandingi perang-ipun sang ditya. Pramila nunten sami sai jeg sowan ing ngarsanipun batara Éndra, ratunipun para déwa, tetungguling Suralaja, njuwun

supados karsa njandèkaken pikadjengipun sang ditya anggènipur badé nglurug dateng Kaéndran. Samangsa sang ditya kalamurka angrisak Kaéndran, amestì badé ndadosaken kuwuring tribawana. Pundi wonten déwa njembah dateng ditya, asrah bongkokan, saha ngaturaken pedjah gesang dumateng ratu raseksa. Prabu Niwatakawatja pantjén awrat sanget sanggènipun, boten tedas tapapaluning pandé sisaning gurinda. Sadaja titahing déwa ingkang kasanggi ing buwana, kaungkulon ing langit, sami murinding, geter kekes, samangsa mireng namanipun sang ditya.

Batara Éndra sareng midanget aturipun para déwa, sakelangkung djibeg ing panggalih, njipta jén Kaéndran sajektos badé gempur tumpur déning mengsa denawa, awit pantjén sampun boten keklapan dateng kasektènipun sang ditya. Dangu boten saged ngandika. Ladjeng ngeningaken tjipta. Ing ngriku batara Éndra nunten këngétan dateng pangandikanipun batara Guru dumateng prabu Niwatakawatja rumijin : „Mung baé diprajitna jén ana manungsa sing sekti.”

Sanalika batara Éndra ladjeng ledjar ing panggalih, rumaos prasasat sampun itjal klilipipun. Ladjeng paring dawuh dateng para déwa : „Hèh para déwa kawula ningsun¹⁾ kabèh, sira adja paða prihatin! Sumurupa, ingsun samengko wus olèh wewengan bisané ngontjati bebaja iki. Si Niwatakawatja njata jén ora ana sing bisa nglawan ing perang, nanging satemené patiné wis katekem ing manungsa digdaja linuwih. Mulané ing samengko ingsun arep mintasraja marang manungsa. Mung baé éwuh banget anggon ingsun arep midji manungsa, sing kena binobotan prakara iki. Nanging saka pamawas ingsun, ora ana manèh sing bisa tetulung marang para déwa kedjabané sang Parta. Awit Satrija nonoman iki ora pegat anggoné tapabrata ing gunung Indrakila. Sing disesuwun rina-wengi bisaa olèh kadigdajan ing djurit. nglebur sawarnaning satru sekti.”

Aturipun para déwa : „Punapa inggih sajektos, pukulun, sang Parta manungsa ingkang saweg nandang papa-tjintraka saged ngentasi damel, njirnakaken ratu denawa ingkang sakelangkung nggegirisipunika ?”

¹⁾ Panambang „ingsun” dipun pisah, kalugokaken babon.


Batara Éndra mangsuli : „Sira kabèh adja sumelang ! Mung sang Parta sing bakal bisa mbéngkas bebaja, awit saking benturing tapané. Kira ningsun batara Guru bakal lumuntur sihé, temahan paring kanugrahan linuhung marang sang Parta. Nanging sadurungé ingsun mintasraja marang satrija tengahing Pandawa, arep sun tjoba disik kaantepané. Awit sing dadi wisaning tapabrata iku jén kelimput ing kamurkan sarta pepénginan. Samangsa sang Parta isih lulut ing pantjadrija, prasasat isih kadunungan kamurkan, ija ora pantes tampa kanugrahaning batara Guru.”

Aturipun para déwa : „Duh gusti pepundèn kawula, gèk sinten ingkang ketjonggah njobi kaantepanipun satrija ingkang bentur ing tapanipun. Sanadjan andel-andeling para déwa ing Suralaja kados boten saged ngentasi damel.”

Batara Éndra sumambung : „É, iku rak prakara gampang, suwé midjet wohing ranti. Anggon ingsun arep njoba sang tapa kuwi ora sarana perang tanding, adu kasektèn. Sang Parta arep sun goda baé anggoné tapabrata. Samangsa ora kéguh marang panggoða, ija mestì sun djaluksi tulung nanđingi perangé si Niwatakawatja. Déné sing arep sun utus mbentjana sang tapa widadari mustikaning Suralaja, sing wis tau-taté ngrentjana para tapa.”

Wondéné widadari ingkang badé pinidji ingutus mbentjana sang tapa pitu kañahipun. Sadaja pinundjur ing warni, gandes luwes amerak-ati. Widadari pepitu wau ingkang kekalih tuhu ajuning aju, sanadjan dèwi Ratih meksa kasoran. Ingkang satunggal apeparab dèwi Supraba, satunggalipun anama déwi Tilotama.

Widadari wau nalika saweg ingukir saking sesotya adi, sampun ndadosaken kasmaranipun para déwa ing Suralaja. Sasampunipun awarni widadari, ladjeng sami atur bekti dateng para déwa. Anggènipun atur bekti sarana ngigel ngubengi sarwi nengenaken para déwa kaping tiga. Nalika para apsari wau saweg ngideri para déwa, para djawata sakelangkung sami kasmaran, mila dumadakan batara Brama mastakanipun dados sakawan, déné batara Éndra tingalipun dados kañah. Mila makaten, awit sami karenan dateng solahipun para widadari, mangka ing atasine déwa sami lingsem jén ta noliha wingking.



Begawan Mintaraga.

2. BATARA ÉNDRA UTUSAN WIDADARI PEPITU TUMURUN DATENG MARTJAPADA

Batara Éndra tumunten dawuh nimbali widadari pepitu wau. Arum wedaling pangandikanipun : „Hèh nini Supraba lan nini Tilotama, apa déné sira nini widadari kabèh, ingsun arep njilih raras ruming ajunira. Lah sira menjanga patapané sang Ardjuna, setiékna apa njata oléhé tapabrata, anekung mudja-semadi ! Mara nini, sang Ardjuna kuwi bantjananen ! Kawruhanira, satrija tengahing Panḍawa kuwi garwané papat. Déné sing misuwur déwé ajuné telu, ja iku retna Sumbadra, retna Manoara lan retna Ulupi. Éwa semono telu pisan iku paða kasoran déning warnanira. Sanadjan ajuning manungsa tinikelna ping sapuluh, mangsa bisaa ngasoraké ajuning widadari. Adja manèh ngasoraké, maðani baé ora bisa.”

Para apsari wau sami sila mabukuh ing ngarsanipun batara Éndra, sarwi tumungkul anteng anilingaken dawuhipun.

Batara Éndra ndumugèkaken pangandikanipun : „Ingsun wus pratjaja marang sulistyanira kapitu pisan. Sanadjan kembang angsana kang nudju mekar, ora bisa nandingi ajuning warnanira. Ajunira wis prasasat ngasoraké tjahjaning rembulan. Gandané gelungira baé jén linukaran wis bisa ngalahaké gandaning kembang gaḍung. Adja sing djanma manungsa, sanadjan batara Kamadjaja jén weruh sira, nini, ora wurung kegimir marang sira, temahan sirna katresnané marang dèwi Ratih.” Telas pangandikanipun batara Éndra.

Widadari pepitu wau ladjeng njembah sarwi asaur-peksi : „Pukulun, kawula matur sèwu nuwun ing pada pukulun, déné pukulun sampun kepareng ing galih ngutus kawula dumateng martjapada. Sampun ingkang dumugi sakit, sanadjan dumugia pedjah, kawula boten baðé lenggana ngajahi dawuh pukulun. Manawi sampun terang dawuh pangandika pukulun, kawula mugi kalilan mangkat. Boten sanès kawula njuwun pangèstu, sageda kasembadan ing lampah, linepatna ing saru-siku, tinebihna ing pantjabaja.”